

KONSÈY POU SEKIRITE NAN TRAVAY

- Mete yon kòlèg travay/sipèvizè ou okouran sityasyon an epi mande moun sa a pou rele lapolis si gen ijans.
- Chèche jwenn yon moun pou sipòte ou si premye kontak la pa disponib.
- Mande yon moun pou kontwole apèl ou yo.
- Planifye antre ak sòti ou chak jou.
- Konsève yon kopi entèdiksyon ou toutan.
- Bay yon foto moun ki fè vyolans sou ou a nan zòn sekirite ak/oswa resepsyon an.
- Mande pou yo mete sèvis oswa biwo ou yon kote ki an sekirite.
- Mande èd nan yon pwogram asistans pou anplwaye.
- Planifye yon wout pou sove.
- Se pou ou gen yon siyal pou èd (siflè/alam/telefòn selilè).
- Jwenn yon sal ki an sekirite ki gen yon telefòn pou itilize si gen yon ijans.
- Lalwa federal, lalwa leta ak/oswa lalwa lokal entèdi pratik diskriminasyon nan travay ki baze sou sityasyon ou kòm yon viktim vyolans nan kay.
- Notifye Ofisye Prevansyon Vyolans nan Kay lokal ou.

Pou Plis Asistans ak Resous:

Lapolis Ijans Rele **911**

Rele Sèvis/Enfòmasyon Vil Nouyòk **311**

Sèvis telefòn pou vyolans domestik nan Vil Nouyòk (24 sou 24) **1-800-621-HOPE (4673)**

Pou moun ki gen gwoblèm pou tande :
1-800-810-7444

Sèvis telefòn pou vyolans domestik nan Vil Nouyòk

Anglè : **1-800-942-6906**

Panyòl : **1-800-942-6908**

Sèvis telefòn pou abi timoun nan Vil Nouyòk:

1-800-342-3720

VINE

(Notifikasyon Chak Jou pou Enfòmasyon sou Viktim)

1-888-VINE-4-NY

Notifikasyon Chak Jou pou Enfòmasyon sou Viktim (VINE) se yon liy dirèk otomatik 24 sou 24 ki fè viktim yo konnen dat liberasyon prizonye ki te nan prizon vil Nouyòk oswa nan sistèm prizon Depatman Koreksyon Leta.

Wèbsayt NYPD: <http://www.nyc.gov/nypd>

Brooklyn:

Tribinal Kriminèl (718) 250-3300

Tribinal pou Zafè Fanmi (347) 401-9600

Bronx:

Tribinal Kriminèl (718) 590-2858

Tribinal pou Zafè Fanmi (718) 618-2098

Manhattan:

Tribinal Kriminèl (212) 335-4300

Tribinal pou Zafè Fanmi (646) 386-5200

Queens:

Tribinal Kriminèl (718) 286-6550

Tribinal pou Zafè Fanmi (718) 298-0197

Staten Island:

Tribinal Kriminèl (718) 876-6300

Tribinal pou Zafè Fanmi (718) 675-8800

Adrès Sant Lajistis pou Zafè Fanmi nan Vil nouyòk

350 Jay St. - 15th Fl. (718) 250-5097

Brooklyn, NY 12001

162-02 82nd Ave. (718) 575-4500

Queens, NY 14115 (Kew Gardens)

198 E. 161st St. (718) 508-1222

Bronx, NY 10451

80 Centre St. - 5th Fl. (212) 335-3523

New York, NY 10013

126 Stuyvesant Pl. (718) 697-4300

Staten Island, NY 10013

Vyolans nan Kay
SA OU BEZWEN KONNEN

FÈ FANMI OU VIV AN SEKIRITE



Bill de Blasio
Majistra

James P. O'Neill
Komisè Lapolis

Rele "911" POU IJANS

Vyolans nan Kay — Planifikasyon Sekirite

PLANIFIKASYON SEKIRITE

Kèlkeswa lòt bagay ou deside fè, anpil viktim vyolans nan kay kwè li enpòtan pou yo fè yon **plan sekirite**. Ou ka fè yon plan sekirite poukont ou, rele liy dirèk 24 sou 24 pou vyolans nan kay oswa rele Ofisye Prevansyon Vyolans nan Kay zòn sèvis lapolis nan lojman/lapolis lokal ou. **Pa kite** okenn lòt moun **konnen** plan sekirite sa a, sitou si moun lan ka revele plan ou ba moun ki fè vyolans sou ou a. Kit w ap viv avèk patnè vyolan an, kit ou deja sispann relasyon an avèk li, gen bagay ou ka fè pou ede ou planifye sekirite ou alavni.

Sekirite pandan ou toujou lakay ou:

- Fè pratik yon plan pou sove si gen ijans. Lè sa posib, revize plan ou avèk yon konseye, Ofisye Prevansyon Vyolans nan Kay la oswa avoka viktim yo.
- Montre pitit ou yo fè aksyon pou yo sove lè gen ijans epi montre yo itilize telefòn lan byen.
- Itilize aparèy ki fè bwi tankou yon siflè oswa yon alam pèsònèl pou mande sekou.
- Toujou konsève monnen pou yon telefòn piblik ki rezève yon kote an sekirite pou ou menm ak pitit ou yo.
- Mande vwazen yo pou tande, siveye epi rele pou sekou lapolis si yo ta wè moun ak aktivite ki sispèk, oswa si yo ta tande diskisyon.
- Mete yon moun okouran san pèdi tan si w panse moun ki fè vyolans sou ou a ap vin vyolan.
- Chwazi yon modpas ou ka itilize avèk zanmi, manm fanmi ak pitit ou pou alète yo pou yo rele pou sekou.
- Lè sanble gen vyolans toutbon vre, pa ale nan kizin, twalèt ak chanm kote ou pa ka sòti deyò.
- Chèche jwenn yon entèdiksyon.
- Sonje ou ka itilize yon telefòn selilè ki pa aktive gratis pou rele 911 pou ijans.

Preparasyon pou ale:

- Sonje danje a ka vin pi grav pandan w ap eseye sove oswa apre ou sispann yon relasyon ki vyolan.
- Revize plan sekirite a avèk yon Konseye oswa Ofisye Prevansyon Vyolans nan Kay.
- Ogmante endepandans ou lè ou louvri yon kont labank, jwenn kat kredi sou non ou epi jwenn fòmasyon pwofesyonèl.

Sak pou Sove Si w prale

Pare yon sak, yon bwat oswa yon valiz ki gen atik w ap bezwen **si w ale**. Mete li yon kote ki an sekirite lwen kay la, si sa posib. Sak la ta dwe yon sekre pou moun ki fè vyolans sou ou a oswa pou nenpòt moun ki ka fè moun ki fè vyolans sou a konnen ou prale. Mete dokiman orijinal yo nan sak la. Pa pran atik ki ka fè moun ki fè vyolans sou ou a konnen plan ou.

Sak la ta dwe gen ladan:

- ___ Chanjman rad pou ou menm ak pitit ou
- ___ Kle derezèv pou oto ak kay la
- ___ Medikaman ki nesese
- ___ Dokiman idantifikasyon (batistè, pèmi kondui, grinkat, kat pèmi travay ak kat sekirite sosyal pou ou menm ak pou pitit ou)
- ___ Kopi entèdiksyon ou
- ___ Kanè adrès/nimewo telefòn ou yo
- ___ Yon foto moun ki fè vyolans sou ou a a pou Idantifikasyon li
- ___ Atik pou ijyèn pèsònèl (bwòs dan, deyodoran, atik twalèt, elatriye)
- ___ Papye divòs, papye ki endike se ou ki gen lagad timoun yo ak papye òdonans
- ___ Kouch, lèt an poud, jwèt ak dra
- ___ Papye oto, papye asirans-maladi ak asirans-vi
- ___ Kanè chèk, kat ATM (Gichè Otomatik)
- ___ Lajan, kat kredi, kanè bank, elatriye

Sa pou ou fè lè fin ale:

- Si w ale, se pou ou mete sou non yon lòt moun tout dokiman lokasyon, telefòn, sèvis piblik ak tout lòt dokiman administratif ki ka pèmèt moun ki fè vyolans sou ou a konnen kote ou ye.
- Enstale pòt, fenèt, detektè ensandi ak pòt an metal. Ou ka rele tou Ofisye Prevansyon Krim nan zòn sèvis lapolis pou lojman/sikonskripsyon a pou fè yon ankèt gratis sou prevansyon krim.
- Se pou ou jwenn yon nimewo telefòn ki pa nan anyèl telefonik (chanje ansyen nimewo a, si sa nesese) epi itilize Sèvis Telefòn Espesyal tankou: mesajri, Idantifikasyon nimewo ak non moun ki rele, blokaj apèl, depistaj apèl (*57), rekonpoze dènye apèl (*69) oswa rele *Unlawful Call Center* nan nimewo 1-800-518-5507 (ansyen li se Call Annoyance Bureau). Konpayi Telefòn lan ka mande yon rapò lapolis pou apèl endezirab yo ak apèl arasman yo.
- Pran prekosyon lè w ap fè apèl a frè vire oswa lòt apèl ki peye sou lòt nimewo lè w ap rele moun ki fè vyolans sou ou (apèl sa yo ka depiste). Pito ou itilize yon telefòn piblik.
- Se pou ou gen yon aparèy anrejistreman ki adapte nan telefòn ou epi ki disponib pou itilize lè w ap pale avèk moun ki fè vyolans sou ou a.
- Fè demann yon entèdiksyon si w pa gen youn.
- Konsève kopi entèdiksyon an nan kay kote ou ye a.
- Se pou ou gen yon lòt moun pou bay epi al chèche timoun yo si yon jij òdone vizit.
- Itilize yon bwat postal alapas yon adrès kay. Tcheke li pandan lajounen.
- Pa ale nan magazen, labank ak lòt kote ou abitye ale lè ou t ap viv avèk moun ki fè vyolans sou ou a.
- Rapòte aktivite sispèk ak vyolasyon entèdiksyon an bay lapolis.
- Fè aranjman espesyal pou al chèche pitit ou lekòl.
- Fè menm aranjman yo pou bebisitè.
- Enfòme responsab lekòl yo epi mande pou yo rele ou konsènan kontak iregilye moun ki fè vyolans sou ou a.